

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina hakékatna, unggal mahluk hirup nu aya di alam dunya ngalaman transformasi atawa parobahan, boh sacara langsung atawa henteu tepi ka ngahontal kaayaan hirup anu sampurna, salasihijina nyaéta manusa. Ti mimiti bral gumelar ka alam dunya, manusa moal langsung sagala bisa. Ceuk kolot baheula mah sagala rupana gé moal aya nu bisa ti jero beuteung, ku kituna manusa bakal nyanghareupan tahap-tahap pikeun nyampurnakeun hirupna. Contona dina lebah ngomong. Saacan bisa ngomong béntés, dina hiji kaayaan masih orok kénéh, ukur bisa ceurik pikeun méré réspon kana kaayaan sabudeureunana. Malah loba kénéh aktivitas awak sakujur (non verbal) minangka pakakas nu dipaké pikeun komunikasi. Ti mimiti ukur ngobahkeun anggota awak anu kasebutna basajan, saperti nangkarak, nangkuban, ngorondang, ngaléngkah, leumpang tug tepi ka bisa lumpat, éta minangka prosés nyampurnakeun hirup dina segi fisik.

Pikeun urang Sunda, sagala kajadian ti mimiti hirup tepi ka paéh éstu natrat dina pikir. Jalma anu hirup téh kapan anu masih kénéh bisa usik atawa obah anggota awakna sangkan bisa ngajalankeun aktivitasna. Obahna babagian awak ti mimiti tungtung buuk tepi ka dampal suku téh éstuning aya ngaranna séwang-séwangan. Upamana waé obahna panon atawa aktivitas panon kayaning *beunta*, *peureum*, *ngiceup*. Aktivitas leungeun saperti *nyéred*, *mulut*, *ngabedol*. Aktivitas suku saperti *leumpang*, *lumpat*, *najong*, *nalapung*. Éta sakabéh aktivitas téh nandakeun pikeun sakumna jalma anu masih nyawaan kénéh. Tapi, sakapeung urang teu apal kana aktivitas anu dilakukeun ku awak urang sorangan, boh ngaranna boh hartina. Tina éta hal kapanggih yén dina sakabéh aktivitas awak sakujur téh raket pisan patalina jeung aspék kabasaan, boh verbal atawa non verbal, katut harti anu dikandungna.

Dina enas-enasna basa mangrupa éksprési réalitas kultural; éksprési fakta, idé, sarta kajadian anu patali jeung pangaweruh ngeunaan dunya; réfléksi sikep

katut kapercayaan jeung sawangan masarakat (Kramsch dina Manuputty, 2015, kc. 34). Hartina, sakumna kecap nu kedal atawa nu diungkarakeun téh raket patalina jeung pangalaman masarakat pamaké basa. Unggal basa mibanda sipat anu has tur unik, sabab hiji téh mibanda karakteristik anu béda jeung basa séjénna. Nurutkeun Sudaryat (2015, kc. 210) basa mangrupa sistem nu miboga dua sisi, nyaéta wangun (*form, expression*) sarta eusi (*content, meaning*). Wangun basa minangka unsur jasmaniah nu kauger dina sistem tata basa (gramatika), dibungkus ku kekecapan (léksikon), jeung dilapis ku sora (fonologi). Éta wangun téh teu leupas tina eusi atawa ma'na basa (sémantik).

Basa Sunda mibanda léksikon anu kawilang lega, duméh tepi ka puluhan rébu kecap, di antarana nyaéta ngaran-ngaran aktivitas awak sakujur. Unggal léksikon miboga harti atawa ma'na séwang-séwangan, katut léksikologina pikeun méré harti kana masing-masing léksikon. Sistem tatabasa nu ngawengku kecap, ngandung harti séwang-séwangan dumasar lingkungan sosial jeung kaarbitréran makéna basa. Tina éta hal bakal katémbong yén manusa téh bisa nyusun kecap, frasa, jeung kalimah pikeun dijadikeun pakakas komunikasi sarta interaksi sosial unggal panyaturna, kalayan pada-pada mikaharti.

Dina kahirupan sapopoé, urang Sunda ngagunakeun basa luyu jeung lingkungan sabudeureunana. Unggal lingkungan atawa daérah tangtuna miboga basa anu béda (rinéka), ilaharna disebut basa daérah atawa basa wewengkon. Unggal basa daérah tangtuna miboga struktur anu luyu jeung sistem katatabasaan, boh sacara gramatikal boh sémantik. Laju, masarakat tumut kana aturan anu mémang gumelar sacara alamiah dumasar katangtuan jeung kahayang pikeun nyusun kecap tepi kana tataran kalimah.

Dina prosés méré harti nu dikandung ku sakumna léksikon anu patali jeung aktivitas awak sakujur raket pisan patalina jeung élmu ma'na nyaéta sémantik. Sacara umum sémantik ilahar dihartikeun minangka élmu nu nalungtik ma'na basa. Naha kudu diéksplisitkeun kana ma'na basa, sabab lian ti ma'na basa, dina kahirupan sapopoé téh loba pisan ma'na-ma'na anu teu patali jeung basa, saperti tanda-tanda jeung lambang-lambang séjénna, upamana tanda-tanda lalu-

lintas, tanda-tanda kajadian alam, lambang-lambang nagara, simbol-simbol budaya, simbol-simbol kaagamaan, sarta lambang katut simbol séjénna.

Upama urang nyaluyuan yén babagian awak sakujur téh dipiboga ku unggal manusa (leupas tina sagala kakurangan fisik), ku kituna éta hal mibanda sipat alamiah sarta moal gampang robah atawa saeutik kamungkinanana disadur tina basa séjén. Ku kituna léksikon nu patali jeung ngaran babagian awak nu dipiboga ku unggal manusa kagolong kana léksikon dasar (*basic vocabulary*), kitu deui jeung sagala aktivitasna.

Lian ti éta, pakeman basa Sunda (babasan jeung paribasa), teu saeutik kapanggih babasan jeung paribasa nu ngandung ngaran babagian awak. Ti dinya bakal timbul patalékan, naha kudu ngalibetkeun ngaran-ngaran anggota awak. Tangtuna wajar waé sabab nu mimiti ngirut manusa téh nyaéta barang, hal, kajadian-kajadian nu aya di sabudeureun dirina. Éta nu ngalantarankeun yén pikeun kapentingan harti puseur jeung harti ambahanana kacida perluna upama ngamangpatkeun ngaran-ngaran babagian awak.

Nilik kana pedaran di luhur, kacida pentingna pikeun ngayakeun panalungtikan ngeunaan léksikon anu patali jeung ngaran aktivitas awak sakujur, anu salasahiji fungsina nyaéta pikeun mikawanoh larapna ngaran aktivitas awak sakujur dina basa Sunda ngaliwatan ulikan léksiko-sémantik. Dumasar kana éta ulikan urang bisa ngaguar rupaning perkara anu aya patalina jeung léksikon aktivitas awak sakujur, kayaning léksikon dina basa Sunda nu nuduhkeun aktivitas awak sakujur, ma'na léksikon aktivitas awak sakujur dina basa Sunda, papasingan léksikon aktivitas awak sakujur dina basa Sunda dumasar kana ngaran babagian awak, analisis komponén ma'na léksikon aktivitas awak sakujur dina basa Sunda, jeung struktur léksikal aktivitas awak sakujur dina basa Sunda.

Pedaran perkara léksikon kapanggih dina hasil panalungtikan-panalungtikan anu geus dilaksanakeun, di antarana; Herlina dina tésisna ngaguar ngeunaan “Kandaga Kecap Pakakas Tradisional di Kampung Naga Desa Neglasari Kecamatan Salawu Kabupaten Tasikmalaya (Ulikan Ekolinguistik)”, Rohandy dina tésisna “Analisis Leksikon Arab dalam Bahasa Sunda pada Tausiyah Upacara Ziarah Masyarakat Adat Kampung Dukuh”, Samsi dina tésisna

“Makna Leksikal yang Terbentuk oleh Derivasi yang Mengandung Kombinasi Akhiran *-eun* dalam Bahasa Sunda”. Umumna éta panalungtikan téh medar ngeunaan léksikon atawa kandaga kecap tina jihat antropologi jeung kabasaan. Salasahijina medar unsur lingkungan nu nyampak dina kandaga kecap pakakas tradisional nu aya di Kampung Naga.

Dumasar tina panalungtikan-panalungtikan nu geus aya, tétéla panalungtikan ngeunaan léksikon téh geus dilaksanakeun. Dina ieu panalungtikan aya sasaruuan jeung panalungtikan saméméhna, nyaéta sarua museurkeun panalungtikanana kana pasualan léksikon. Najan kitu, dina ieu panalungtikan ogé aya bédana, nyaéta nalungtik jeung nganalisis ngeunaan léksikon aktivitas awak sakujur dina basa Sunda, anu saméméhna mémang can aya nu nalungtik dina wengkuan tésis. Dina ieu panalungtikan, léksikon aktivitas awak sakujur baris dianalisis jeung dipedar tina jihat léksiko-sémantik, nyaéta ma’na léksikonna, analisis komponén ma’nana, jeung struktur léksikalna.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Luyu jeung kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan téh maluruh jeung medar léksikon aktivitas awak sakujur dina basa Sunda dumasar kana ulikan sémantik jeung struktural. Sacara sémantik baris ditalungtik ma’na léksikonna, analisis komponén ma’nana, sedengkeun sacara struktural baris ditalungtik papasingan léksikon aktivitas awak sakujur jeung wanda struktur léksikon aktivitas awak sakujur dina basa Sunda. Sangkan ambahanana teu lega teuing, ieu panalungtikan téh diwatesanan ukur nalungtik léksikon ngaran aktivitas awak sakujur dina basa Sunda, nu aya dina *Kamus Umum Basa Sunda* ku Lembaga Basa & Sastra Sunda, citakan ka-14 taun 2017 anu kandelna 524 kaca.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah téh baris dirumuskeun sakumaha ieu di handap.

- a. Léksikon naon waé dina basa Sunda anu nuduhkeun aktivitas awak sakujur?
- b. Kumaha ma'na léksikon aktivitas awak sakujur dina basa Sunda?
- c. Kumaha papasingan léksikon aktivitas awak sakujur dina basa Sunda dumasar kana ngaran babagian awak?
- d. Kumaha analisis komponén ma'na léksikon aktivitas awak sakujur dina basa Sunda?
- e. Kumaha struktur léksikal aktivitas awak sakujur dina basa Sunda?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Luyu jeung masalah anu dipedar, tujuan umum ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun maluruh sarta nganalisis léksikon aktivitas awak sakujur dina basa Sunda dumasar kana ulikan sémantik jeung struktural.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Salian ti tujuan umum, ieu panalungtikan gé miboga tujuan husus anu hayang dihontal ku panalungtik, di antarana nyaéta ngadéskripsikeun:

- a. léksikon dina basa Sunda anu nuduhkeun aktivitas awak sakujur;
- b. ma'na léksikon aktivitas awak sakujur dina basa Sunda;
- c. papasingan léksikon aktivitas awak sakujur dina basa Sunda dumasar kana ngaran babagian awak;
- d. analisis komponén ma'na léksikon aktivitas awak sakujur dina basa Sunda; jeung
- e. struktur léksikal aktivitas awak sakujur dina basa Sunda.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep bisa méré kontribusi kana sakumna widang panalungtikan, hususna dina widang kabasaan, anu ngulik léksikon disawang tina jihat léksiko-sémantik. Lian ti éta, ieu panalungtikan bisa

ngeuyeuban deui pangaweruh jeung pamahaman ngeunaan léksikon basa Sunda anu timbul balukar ayana aktivitas awak sakujur.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sacara aplikatif, ieu panalungtikan téh bisa dimangpaatkeun pikeun:

- a. nyampurnakeun harti-harti dina kamus basa Sunda;
- b. bongbolongan dina prosés narjamahkeun kecap atawa léksem;
- c. nyingkahan kasalahan makéna léksikon aktivitas awak sakujur dina basa Sunda; jeung
- d. pangdeudeul nyangkemna léksikon, boh sacara umum boh nu aya dina sistem pangajaran basa Sunda sangkan bisa ngaronjatkeun kamampuh dina ngalarapkeun basa anu luyu jeung kontéksna.

#### **1.5 Raraga Tulisan**

Raraga tulisan pikeun nyusun ieu tésis ngawengku lima bab. Bab I bubuka, eusina ngajéntrékeun kasang tukang, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, jeung mangpaat panalungtikan. Bab II medar ngeunaan ulikan pustaka, panalungtikan saméméhna, kalungguhan tiori, jeung raraga mikir. Bab III eusina ngeunaan métode panalungtikan, desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, sarta téhnik ngumpulkeun jeung ngolah data. Bab IV hasil panalungtikan, di antarana; pedaran analisis léksikon aktivitas awak sakujur dina basa Sunda. Bab V kacindekan jeung implikasi tina hasil panalungtikan katut saran ti panalungtik ngeunaan sakumna hal nu aya patalina jeung panalungtikan ka hareupna.